



EXERCISES

EXERCISE 1: Identifying the Characters

1. Nan la Paa Almaa sant?
2. Yan yere la Paa Almaa sol?
3. Yan yere la Aysatu ak Binta sol?
4. Fan lañu dëkk?
5. Kañ la Binta yég xibaar bi?
6. Kan ci ñoom moo ne “fii toj na”?
7. Doomu kan lañu ëmbal?
8. Binta ak kan ñooy dem àggali waxtaan wi ci biir?
9. Ñaata yoon la Paa Almaa daanu?
10. Ñaata nit ñoo nekk ci waxtaan wi?

EXERCISE 2: Reading Comprehension: Choose the right answer between A, B and C

1. **Lan la Paa Almaa di tekki?**
A: Ku baax
B: Ku naqaree mucc
C: Ku tàng
2. **Nan la Paa Almaa tudd?**
A: Usumaan Juuf
B: Muusaa Jeŋ
C: Jibi Faay
3. **Lan la xale yu jigéen yi (Binta ak Aysatu) bokk ak Paa Almaa?**
A: Ay doomu Paa Almaa lañu
B: Dañu doomook Paa Almaa
C: Ay xariti doomu Paa Almaa lañu
4. **Lu dal Paa Almaa bu ko xale yu jigéen yi waxe ne dafa ëmbal doomam?**
A: Dafa dee ca ja ba

B: Dafa xëm

C: Dafa tēradi

EXERCISE 3: Matching. Match the expressions in column A with their equivalent or corresponding phrase in column B

Column A

- 1) “Fi nga fëlle nooy nooy na”
- 2) “Dafa am fu may dem”
- 3) “Yaa ko tey, dama koy fomm”
- 4) “Soo demee tam it, doyu ma ci”
- 5) “Bii laa maye tey”
- 6) “Balaa may dee muy jaay rëy dara”
- 7) “Lii du xibaaru mbedd”
- 8) “Paa bi def na bu ne weŋ”
- 9) “Poon sax yaa ko gëna siiw”
- 10) “Njuuma noo sant, mu ne wele”!

Column B

- a) Yow la ñépp di waxtaane.
- b) Balaa ngay digle sangu, sangul ba pare.
- c) Paa bi dafa weeje boppam.
- d) Xibaar bu ñuy nëbb la.
- e) Damay génn.
- f) Li nga sol rafet na.
- g) Yaa gëna xam ne dama koy fomm.
- h) Waxuma dara muy jaay maana.
- i) Lii laa sol tey.
- j) Sa dem bi gënalu ma.

EXERCISE 4: Fill in the blank by using words from the glossary

1. Faatu dafa dem jëndi tamaate ca _____ ba, muu jaar _____ Ami, xaritam. Waaye, dafa _____ ñibbi, ndax pàppam _____ la. Saa yu Faatu _____, Paa bi dafay bëgg _____ lu doomam di dox. Biig ci guddi, Biraan dafa _____ Musaa ci _____ ndax mu dimbale ko mu _____ liggéey bu ko pàppam santoon.
2. Aysatu dafa bëgg xaritam _____ dem bi ndax ñu gëna mëna waxtaan ci _____ Paa Almaa. Waaye, bëggufu kenn _____ waxtaan wi, ndax du _____.

3. Baay Móódu dafa doon _____ xale yu jigéén yi ci seen _____ gu _____ ndax nee na sunu jamono ji dafa _____ mucc te seytaane dafa bari doole. Digal na leen ñuy _____ seen peggi yaay te di ko dimbale ci ay _____ ci biir kër gi.
- Baay Móódu nee na lu muy _____ njabootam lay digal doomu dëkkandoo yi, waaye moom ci boppam moo gëna _____ yeddaate yooyu ndax dafa _____ doomam ba jabaram _____ ak miseer.

EXERCISE 5: Ask questions corresponding to the underlined words.

Misaal: Aysatu indil na Binta ab xibaar

Kan moo indil xibaar bi? (Aysatu)

Kan la Aysatu indil xibaar bi? (Binta)

Lan la Aysatu indil Binta? (ab xibaar)

1. Paa Almaa dafa woo Aysatu ak Binta ngir yedd leen ci seen coliin.
2. Aysatu ak Binta ci mbedd mi lañu daje ci bëccëg.
3. Paa Almaa dafa ëmbal doomam te miseerloo jabaram.
4. Xale yu jigéén yi dañu yég ne Paa Almaa dafa dëng.

EXERCISE 6: Listening comprehension. Listen to the conversation and answer these questions.

1. Lan la waxtaan wi tēnk?
2. Lu tax xale yu jigéén yi mere Paa Almaa?
3. Lu tax Binta ak Aysatu wax ne “lii du waxu mbedd?”
4. Lu tax xale yu jigéén yi ne Paa Almaa “ku dee ca ja ba, yaa tàgge sa bopp?”
5. Lu tax Aysatu ne Paa Almaa “ku laata digle sangu, day fekk nga sangu ba set ba pare?”

6. Lu tax Aysatu ne Paa Almaa “yow poon sax yaa ko gën a siiw”?
7. Lu tax Paa Almaa di yedd xale yu jigéen yi?
8. Fan la Paa Almaa dajeeek xale yu jigéen yi?
9. Lan moo dal jabaru Paa Almaa?

EXERCISE 7: Replace these Lebu Wolof phrases with their standard Wolof counterparts

1. Kaa ka wax? _____
2. Ma njaboot _____
3. Ka la mag ëpp lay sagar _____
4. Man dey Juuf la ma sant _____
5. Aw, dinga ma gis _____
6. Dama leen jàppoon ni may doom rek

7. Ñii, may doom lañu: _____

8. Ma ne aw demal sa marse ba uti jën!

9. Aw, jox ka ka. _____

10. Nga dimbale nak ci may doom ak ma njaboot.

EXERCISE 8: Replace these Urban Wolof structures with their standard Wolof counterparts

1. Li nga sañse lan la?

2. Bii de la maye tey!

EXERCISE 10: Role play: Rehearse and perform the skit using Urban Wolof, Lebu Wolof or Wolof bu Xóót. Be mindful to reflect the local culture, gestures and other kinesic aspects of language.